

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Géografis

Sacara administratif, Désa Tanjungsiang nya éta salah sahiji désa anu aya di wilayah Kecamatan Tanjungsiang, Kabupatén Subang. Luas wilayah Désa Tanjungsiang téh kira-kira 544,65 ha anu ngawengku *pemukiman* (46 ha), pasawahan (177 ha), kebon (47 ha), fasilitas umum saperti kantor, walungan, jalan, kuburan, jeung sajabana (99,65 ha), pangangongan (25 ha), sarta leuweung (150 ha). Jumlah penduduk di Désa Tanjungsiang téh nya éta kurang leuwih aya 6782 jiwa anu ngawengku 3465 jiwa lalaki sarta 3317 jiwa awéwé. Salian ti éta, pikeun mikanyaho wincikan jumlah penduduk dumasar kana papasingan umur bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Jumlah Penduduk Dumasar kana Papasingan Umur


No.	Kelompok Umur	Data Sensus Tahun 2013		
		Tahap I	Tahap II	Tahap III
1	0 – 12 bulan	83 urang	99 urang	102 urang
2	>1 - <5 taun	465 urang	471 urang	472 urang
3	≥5 - <7 taun	256 urang	253 urang	254 urang
4	≥7 - ≤15 taun	1.156 urang	1.155 urang	1150 urang
5	>15 – 56 taun	4.161 urang	4.177 urang	4176 urang
6	>56 taun	631 urang	623 urang	628 urang
Jumlah		6752 urang	6778 urang	6782 urang

Jarak ti ibu kota kecamatan ka Désa Tanjungsiang téh nya éta 2,5 km, jarak ti ibu kota kabupatén nya éta kira-kira 32 km, jarak ti ibu kota provinsi nya éta 60 km, sedengkeun saupama jarak ti ibu kota nagara mah nya éta kira-kira 154 km. Wates administratif Désa Tanjungsiang bisa dititénan saperti ieu di handap.

- 1) Belah kulon ngawates jeung Désa Kawungluwuk.

- 2) Belah kalér ngawates jeung Désa Sirap sarta Desa Sindanglaya.
- 3) Belah wéta ngawates jeung Désa Cimeuhmal.
- 4) Belah kidul ngawates jeung Désa Buniara.

Tradisi ngaruat anu aya di Désa Tanjungsiang téh masih kénéh osok dilaksanakeun di tilu kampung, nya éta Kampung Manalangu, Kampung Cikembang, jeung Kampung Tanjung. Lokasi Désa Tanjungsiang jeung lokasi tilu kampung anu masih kénéh ngalaksanakeun éta tradisi téh bisa dititénan dina gambar peta di handap.



Gambar 3.1 Peta Désa Tanjungsiang

3.1.2 Sumber Data

Anu dijadikeun sumber data atawa sumber informasi dina ieu panalungtikan nya éta jalma anu dianggap kokolot/sesepuh di éta masarakat jeung jalma anu apal kana éta tradisi ngaruat lembur. Ari anu dijadikeun datana nya éta tradisi ngaruat lembur anu aya di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang, anu masih sok dilaksanakeun di tilu kampung nya éta Kampung Manalangu, Kampung Cikembang, jeung Kampung Tanjung. Sawatara informan anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan diantarana bisa katitén dina tabél di handap.

Tabé1 3.2 Informan anu Jadi Sumber Data dina Panalungtikan


No.	Wasta	Jenis Kelamin	Umur	Padumukan	Kalungguhan
1	Rukman	L	65 taun	Kampung Cikembang, RT 11/RW 04 Désa/Kec. Tanjungsiang	Salaku sesepuh kampung
2	Deni Ruhiman	L	38 taun	Kampung Tanjung, RT 06/RW 03 Désa/Kec. Tanjungsiang	Seniman
3	Rukmana	L	55 taun	Kampung Tanjung, RT 05/RW 03 Désa/Kec. Tanjungsiang	Seniman sarta salaku sesepuh kampung
4	Dede Mulyana	L	48 taun	Kampung Manalangu, RT 23/RW 08 Désa/Kec. Tanjungsiang	Mantri sarta salaku tokoh masarakat
5	Ki Asub Suherli	L	80 taun	Kampung Sirap, RT22/RW 06 Désa Sirap Kecamatan Tanjungsiang	Pensiunan penilik kabudayaan

3.2 Désain Panalungtikan

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta desain deskriptif-kualitatif anu miboga sipay ngadadarkeun variabel-variabel anu ditalungtik, misalna ngeunaan saha/naon, anu mana, iraha, jeung dimana, ogé patalina variabel dina sub-sub variabelna. Désain panalungtikanana dimimitian ku ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, nyieun instrumén panalungtikan, obsérvasi, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung ngadéskripsikeyun data dina wangu skripsi.

Éta désain panalungtikan téh bisa katitén dina ieu bagan di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.3 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara pikeun ngungkulán masalah panalungtikan anu dilaksanakeun sacara *terencana* pikeun nyangking fakta sarta kacindekan supaya bisa maham, ngajelaskeun, ngaramalkeun jeung *ngendalikeun* kaayaan. Métode disebut ogé cara pikeun maham sarta neuleuman objék anu jadi sasaranna (Syamsuddin jeung Damaianti, 2007, kc. 14). Sugiyono (2012, kc. 2) nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara ilmiah anu digunakeun sangkan meunang data kalayan tujuan jeung kagunaan anu tangtu.

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu data-data hasil panalungtikakana henteu dumasar kana prosedur atawa wongun itungan (Strauss jeung Corbin dina Syamsuddin jeung Damaianti, 2007, kc. 73). Numutkeun Millan jeung Schumacher dina Syamsuddin jeung Damaianti (2007, kc. 74), nétélakeun yén dina panalungtikan kualitataif mah biasana panalungtik ilubiung kana kaayaan sarta *fenomena* anu keur ditalungtik. Panalungtik leuwih nyiapkeun instrumén jalma ti batan instumén séjénna.

Tujuan pokok tina panalungtikan kualitatif nya éta ngagambarkeun, neuleuman, sarta ngajelaskeun *fénoména* anu ditalungtik. Pamahaman ngeunaan éta *fénoména* téh bisa dicangking ku cara ngadéskripsikeun dina wongun narasi. Hal ieu luyu jeung pamadegan Bogdan jeung Taylor dina Ratna (2010, kc. 94) anu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif téh ngahasilkeun data déskriptif dina wongun kecap-kecap, boh sacara tinulis boh sacara lisan. Ku kituna, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif.

Métode déskriptif disebut ogé salaku métode ngumpulkeun data pikeun méré gambaran, nandeskeun hiji konsép atawa gejala, ogé ngajawab patalékan-patalékan anu patali jeung subjék panalungtikanana (Darmadi, 2011, kc. 7). Tujuan panalungtikan déskriptif diwatesanan pikeun ngagambarkeun *karakteristik* hiji hal sakumaha ayana (Syamsuddin jeung Damaianti, 2007, kc. 24). Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun

ngadéskripsikeun ulikan struktural sémiotik dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang, anu engkéna bakal dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksudna, tujuan sarta udaganana, baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) Tradisi ngaruat nya éta salah sahiji tradisi anu miboga tujuan pikeun ngébréhkeun rasa sukur ka Pangéran tina sagala rupa hasil bumina, sarta salaku ébréhan rasa hormat ka karuhun. Tradisi ngaruat di Désa Tanjungsiang miboga harti salaku tradisi salametan lembur/kampung, anu dilaksanakeun dina unggal bulan Muharam, sangkan éta lembur dipaparin kasalametan ku Pangéran, anu tujuanana pikeun némbongkeun rasa sukur ka Pangéran lantaran geus dipaparin rejeki utamana tina hasil pakasaban, sarta geus dipaparin rupa-rupa ni' mat ku Pangéran.
- 2) Sémiotika nya éta élmu anu ngulik tur maluruh ngeunaan sistem tanda anu nyampak dina kahirupan masarakat, boh dina wangun basa boh anu lain basa, anu ngalantarankeun manusa bisa ngalakonan prosés komunikasi. Isnendes (2010, kc. 57) nétélakeun yén sémiotik nya éta élmu anu ngulik sagala hal anu miboga kalungguhan salaku wakil tina hal-hal anu séjén. Éta hal anu ngawakilan téh disebut penanda (tanda), sedengkeun anu ngawakilanana disebut petanda (ma'na).
- 3) Bahan pangajaran nya éta sakabéh bahan atawa komponén pangajaran anu ngawengku matéri jeung eusi pangajaran anu baris ditepikeun dina kagiatan diajar-ngajar, salaku élmu pangaweruh anu kudu dikawasaan ku guru jeung murid. Bahan pangajaran disebut ogé eusi atawa matéri pangajaran anu ngawengku pangaweruh, sikep/ajén, jeung katerampilan anu baris ditepikeun kalayan ngagunakeun métode-métode anu tangtu dina prosés pangajaran pikeun ngahontal tujuan pangajaran anu luyu jeung Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar (KIKD).

- 4) Pangajaran maca artikel nya éta salah sahiji Kompeténsi Dasar (KD) anu aya dina Kompetensi Inti (KI) pangajaran basa Sunda di SMA kelas XII. Ari anu disebut pangajaran maca nya éta salah sahiji aspék tina opat aspék kaparigelan basa (ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis) anu aya dina Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar (KIKD) pangajaran basa jeung sastra Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2012: 102) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat ukur dina prosés panalungtikan, salaku alat anu digunakeun pikeun ngukur *fénoména* alam jeung *fénoména* sosial anu ditalungtik. Sacara husus éta *fénoména* téh disebut variabel panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara, pedoman observasi, *handphone*, jeung kaméra.

- 1) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara téh digunakeun pikeun ngawawancara narasumber anu merlukeun jawaban lisan ti narasumber dumasar kana patalékan anu rék ditanyakeun. Dina ieu pedoman wawancara biasana ngawengku idéntitas respondén sarta pokopoko patalékan anu baris ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék anu rék ditalungtik, nya éta ngeunaan tradisi ngaruat anu aya di Désa Tanjungsiang, anu baris diulik ngeunaan struktural sémiotikna. Poko-poko patalékan anu digunakeun téh nya éta gurat badagna wungkul anu ditulis dina wangun pernyataan. Dina waktu prak-prakanana, patalékan-patalékan anu ditanyakeun téh leuwih ngalegaan luyu jeung kaayaan atawa situasi wawancara. Iéu pokopoko patalékan anu ditulis dina wangun pernyataan téh gunana sangkan patalékan-patalékan anu ditanyakeun téh henteu mempar tina objék anu rék ditalungtik. Éta pokopoko patalékan téh bisa ditingali dina tabel di handap.

Tabel 3.3 Pedoman Wawancara Terbuka

No.	Rumusan	Poko-poko pertanyaan dina wangun pernyataan
1	Sajarah	<p>1. Sajarah ayana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.</p> <p>2. Waktu munggaran ayana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.</p> <p>3. Réson masarakat kana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.</p>
2	Prak-prakanana tradisi ngaruat lembur	<p>4. Persiapan anu kudu dilakonan pikeun ngalaksanakeun tradisi ngaruat.</p> <p>5. Runtulan sarta prak-prakanana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.</p>
3	Fungsi jeung tujuan	<p>6. Fungsi tradisi ngaruat pikeun masarakat Désa Tanjungsiang.</p> <p>7. Tujuan diayakeunana tradisi ngaruat di Désa Tanjungsiang.</p>
4	Bahan-bahan jeung kalengkepan tradisi ngaruat lembur	<p>8. Bahan-bahan sarta kalengkepan anu dipaké dina ngalaksanakeun tradisi ngaruat di Désa Tanjungsiang.</p> <p>9. Ma'na anu nyampak dina pakakas atawa simbo-simbol anu dipaké dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.</p> <p>10. Aya henteuna parobahan tina bahan-bahan sarta kalengkepan anu dipake dina tradisi ngaruat di Désa Tanjungsiang dina mangsa kiwari.</p>

2) Format Observasi

Obsérvasi digunakeun sangkan data-datana bisa kawatesanan henteu mempar tina objék panalungtikan. Format observasi anu digunakeun ngawengku tema observasi, lokasi observasi, jeung waktu observasi. Éta pedoman obsérasi téh bisa ditingali saperti ieu di handap.

- a) Téma Obsérvasi :
- b) Lokasi Obsérvasi :
- c) Waktu Obsérvasi :

Tabél 3.4 Pedoman Obsérvasi dina Prak-prakanana Tradisi Ngaruat Lembur

No.	Objék anu diobsérvasina	Aya	Teu aya
1	Parukuyan		
	Menyan jeung roko		
	Bubur beureum jeung bubur bodas		
	Tumpeng jeung sapuratina		
	Rurujakan		
	Beubeutian		
	Cai kopi pait jeung cai kopi amis		
	Cai entéh pait jeung cai entéh amis		
	Susu jeung cai hérang		
	Minyak kasturi		
	Seupaheun		
	Jukut palias, jawér kotok jeung bako tampak		
	Kupat leupeut tangtang angin		
	Hulu munding atawa embé		
	Pakakas panggung		
2	Pihak-pihak	Sesepuh	

Wini Widiastuti, 2014

TRADISI NGARUAT LEMBUR DI DESA TANJUNGSIANG KECAMATAN TANJUNGSIANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	anu Kalibet	Perangkat désa		
		Warga masarakat		
		Tamu uleman		
3	Kasenianana	Wayang		
		Gembung/jaipongan		
4	Unsur Kaagamaan	Istigosahan		

3) *Handphone*

Handphone digunakeun pikeun ngarekam caritaan atawa data-data hasil wawancara ngeunaan objék panalungtikan.

4) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data-data anu sipatna dokumén.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji cara (prosedur) anu kudu dilakonan ku cara ngagunakeun métode anu tangtu sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikan anu dipikahayang (Kuswari, 2008, kc. 18). Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan anu gunana pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungikan.

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérsiasi digunakeun pikeun nitétan upacara tradisi ngaruat lembur anu aya di Désa Tanjungsiang sangkan data anu dicangking leuwih lengkep tur jéntré. Téhnik obsérsiasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan prak-prakanana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data-data ngeunaan tradisi ngaruat lembur ku cara ngalakonan tanya jawab ka narasumber. Ieu wawancara téh tujuanana sangkan meunang data sacara jembar sarta bisa dipertanggung jawabkeun bebeneranana. Wawancara anu digunakeun nya éta wawancara anu henteu runtuy (wawancara *tak terstruktur*) atawa sok disebut wawancara terbuka, nya éta panalungtik ngan saukur mawa gurat badagna wungkul ngeunaan patalékan-patalékan anu rék ditanyakeun ka narasumber.

4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta salaku panglengkep kana kaabsahan ieu panalungtikan anu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakanana éta panalungtikan.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpul tina hasil panalungtikan téh dipariksa heula tuluy diolah ngagunakeun téhnik déskripsi, nya éta kucara ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun ngeunaan tradisi ngaruat lembur di Désa/Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang sarta ngeunaan ulikan struktural sémiotikna (ngagunakeun téori sémiotika Peirce anu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol). Data anu geus didéskripsikeun téh satuluyna dilarapkeun kana bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII. Ti dinya, tuluy nyieun kacindekan tina hasil ngolah jeung nganalisis data anu geus didéskripsikeun téa.

3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah atawa tahapan-tahapan anu dilakonan dina ieu panalungtikan téh ngawengku tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap

ngolah data, jeung tahap nyusun laporan panalungtikan (nyusun skripsi).

1) Tahap Tatahar

Lengkah-léngkah anu dilakonan dina tahap tatahar nya éta: (1) ngajukeun judul panalungtikan; (2) nyusun rarancang panalungtikan; (3) ngumpulkeun sumber-sumber sarta bahan kajian; (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan; (5) nyieun proposal panalungtikan; (6) nyieun surat ijin panalungtikan; sarta (7) konsultasi jeung bimbingan ka dosén pangaping.

2) Tahap Ngumpulkeun Data

Lengkah-léngkah anu dilakonan dina tahap ngumpulkeun data nya éta; (1) studi pustaka pikeun néangan bahan sarta sumber anu patali jeung tradisi ngaruat; (2) obsérvasi ka Désa Tanjungsiang ngeunaan tradisi ngaruat lembur anu aya di éta désa; (3) wawancara ka para sesepuh atawa tokoh masarakat anu ngarti sarta maham kana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang; sarta (4) ngadokuméntasikeun kagiatan panalungtikan.

3) Tahap Ngolah Data

Lengkah-léngkah anu dilakonan dina tahap ngolah data nya éta; (1) mariksa data anu geus dikumpulkeun; (2) ngadéskripsikeun data ngeunaan tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang; (3) nganalisis data ngeunaan ulikan struktural sémiotik anu nyampak dina tradisi ngaruat lembur anu aya Désa Tanjungsiang numutkeun kana téori sémiotik Peirce (ikon, indeks, jeung simbol).

4) Tahap Nyusun Laporan Panalungtikan (Nyusun Skripsi)

Ieu tahap nyusun laporan panalungtikan téh nya éta tahap pamungkas dina ieu kagiatan panalungtikan. Sabada hasil panalungtikan dianalisis sarta diolah nepi ka jadi informasi, satulunya disusun ku cara ngadéskripsikeun sacara sistemasis dina wangun skripsi.